ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКІУ

АДЫГЕЙ ХЕКІЫНЫГЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№94 (21.002) ● 2007 гъэм накъыгъэм (майм) и 16, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр сомИ 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къалэн нэхъыщхьэхэр

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ А.Б. КъБР-м и Парламентым Зэрызыхуигъэзэр

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Парламентым и депутатхэу пщІэ зыхуащІхэ! Си хэкуэгъу лъапІэхэ!

Дэ псоми яджыри къэс ди нэгум щІэтщ Урысей Федерацым и Президент Путин В.В. Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъаззэр. Абы къэралым и унафэщІым щІэзу икІи гъэхуауэ щиубзыхуаращ къэралым и нобэрей Іэтащхьэхэм зэман кІыхьым теухуа я мурадхэр.

Псом ямрэ, ар - зэфІэкІ зыбгъэдэлъ граждан жылагъуэ зэтегъэувэнырщ, цІыхухэм шынагъуэншагъэрэ псэукІэ тэмэмрэ жьхэзэзыгъэпэщыфын къэрал ухуэнырщ. Ар - зи щхьэ хуитыж, цІыхухэм я псэукІэм и Іэныкъуэкіэ къыбгъдэхуэ жэуапыр зыхэзыщІэ хьэрычэт Іуэхур зэфІэгъуэвэнырщ, коррупцэмрэ терроризмэмрэ ебэныныр, Іэщэкіэ ІэщІэуэзда Къаруахэр, хабзэхъумэ органхэр къэгъэщІэрэщІэжьынырщ. ИкІэм-икІэжьым, ар - Урысейм дунейпсо утыкум къыщыхуащІ пщІэмрэ щиІэ мыхьэнэмрэ къэІэтыныращ.

Президентым къыхигъэщхьэхуІащ ЛъапІэныгъэ нэхъыщхьэ дыдэм - цІыхум - и Іуэху дэкІын папщІэ Іэмал псори къыхэзыгъэсэбэпыпхъэр. Мыбдеж мыхьэнэшхэр щиІэщ Урысейм и дэтхэнэ зы цІыхуми и псэукІэр зэпытэта Іуэху нэхъыщхьэхэр - псэупІэу яухуэм хэгъэхъуэным хуэунэтІа программмэ пыухыкІахэр зэрагъэзащІэр, гъэзугъэр нэхъыбэ зэращІыр, ахэр зэрырагъэбгрыкІыр, пенсэ Іэнатіэм зэрызыужьыр - зэІухауэ цІыхубз утыкум къыззырылъхьэм.

Президентым гупытэ хэха хуищІащ урысей цІыхубэм илъэс мин бжыгъкІэрэ къадекІуэкІ зэдапсэуклэм и хабзэхэмрэ хьэпІ-щэнхэмрэ. ЦІыхухъэм и хабзэу псоми ди зэхуэдэ хуэхэзэ абы къиІыпІащ къэралым и экономикэ, социальнэ, жылагъуэ зыужьынигъэм и хэкІыпІэу. Ар лъабжьэ хуохъу къэралым и къэпэн нэхъыщхьэм - урысей цІыхухэм я псэукІэр зэкІэлъыкІуэу икІи зэпымыууэ егъэфІэкІуэныи, чанъгъэр, абы и фІыгъуэхэмрэ хабзэхэмрэ гъэбыдэным. НэгъуэщІ жьпІэмэ, Президентым арэущу къыхихыгъэщхьэхуІащ урысей политикэр зытет лъабжьэр - къэрал щыщыІэр цІыхущ, армыхъумэ цІыхур къэралым и Іуэхутхъэбзащ Іуэу аракъым

Араущ, хэІущІыІу ящІа программэр ихьэдэинщ, зэман кІыхьым тещІыжащ.

Адэкіэ дэ ди лъабжьэ я стратегие унэтІыныгъэхэм езэгъуэу икІи Урысей Федерацым и Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыхэщ мурад гъэгъэхэм, фІыгъуэ щІэныным хуэгъэзэжэр ГъэзэщІыным тещІыхьауэ зэтегъэувэн хуейщ. Дэ къытпащІту, абы къыщыгъэуэ Іуэхухэмрэ дерсхэмрэ кууэу дегупсысу, Къэбэрдей-Балькъэрым и властхэм я Іуэхуитэ дэтхэнэ Іэнатіэри зэрыпэжьэну программэ белджькІы зэхэтлъхьэну.

Парламентым яджьпсту Зэрызыхуэзгъаззэм, республикэм хэхаУ щыІэ социальнэ-политикэ щытыкІэм тещІыхьауэ, сэ къыщыщІэпэзгъэуэнущ къэралым и унафэщІым кІигъуэва кьалэнхэр гъэззэщІэным хуэунэтІауэ едгъэкІуэкІыну пэжьыгъэм и Іыхьэ нэхъыщхьэхэр. Ди дежи щыІэ щытыкІэм и гугъу пщІымэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ар иджыри хьэлъэщ.

ИльэскІэ уэрэфэкІыжьмэ, Парламентым япэу Зэрызыхуэзгъаззэр фи пащхьэ щиспльхьэм сэ нэгъэсауэ зыхэсщІатэкъым республикэм щыІэтІри хьа гугъуехьхэм я куэдгъэшІэрэ я кууагъымрэ. Илъэсым кІэрикІуахэр кьэпщытэжьным, къэкІуэну зэманым тещІыхьа кьалэнхэр гъэувыным хиубдэу депутатхэр, абыхэм я мызакъуэу ди цІыху псори щыгъуазэ ещІыну сыхуейуІ. Республикэм и Іуэхутхъэбзэхэм я къулыкъушІэхэр, политикэ гъащІэм и Іуэхугъуэ нэхъыщхьэу уващ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Къэралыгъуэр ильэс 85-рэ зэрырикъуар гъэпсэлэнныр.

Ахэри, нэгъуэщІ зэхъуэкІыныгъэфІэхэри кьадэкІуэщ къэрал зехьэкІэр зэрыщыту егъэфІэкІуэным, ди гъащІэм и лъэныкъуэ псоми демократием и хабзэхэмк эщыгъэубгъуным хуэнэзауэ едгъэжьа Іуэхухэм. ЕтэкІа ещІысым ди дежь зыкъом щызэфІагъэкІащ республикэм и гъэзэщІакІуэ властым и зэхэлъыкІэр егъэфІэкІуэныр зэрыщыту егъэфІэкІуэным, ди гъащІэм и лъэныкъуэ псоми демократием и хабзэхэмк эщыгъэубгъуным хуэнэзауэ едгъэжьа Іуэхухэм. ЕтэкІа ещІысым ди дежь зыкъом щызэфІагъэкІащ республикэм и гъэзэщІакІуэ властым и зэхэлъыкІэр егъэфІэкІуэныр. Ар ди лъэпкъ тхыдэм щыщ Іыхьэщ, ди блэкІащ, атІэми а зауэм ильасым ижь щІихуауэ щытащ. Ауэ ди тхыдэр тщІэжьным кІыкІыкъым абы дыкъыщызэтеувыІэу адэкІэ дыкІуэтэн, зыдужьым хуэмеІуэ. Ди блэкІам дерс кьыхэтхьу, ди щэнхабзэ лъапІэныгъэхэр Іэщ Іыбэ дымыщІу, ди гъащІэр, ди нобэмрэ ди пщэдеймрэ нэхъыфІ зэрытщІыным дытелъжьэн хуейуэ аращ. А фэеплъ мазхэр дигу кьыщыдгъэкІыжкІэ, а зауэм ихьаэм Тхьэ дахуелъэІуныр, псапэ нэмэз яхуэтщІыныр нэхъыфІт, фэжагъуэрэ нэмыплъэ кьэзыхь псалъэмакъ лейхэм дыхэмыту.

Джэдзуф Асльэн апхуэдэу жэуап иритащ а Іуэхум теухауэ журналистхэм я упщІэхэм.

ИНЭРОКЪУЭ ТІатІэ.

● Адыгэхэм я фэеплъ махуэм

Тхьыдэри ящымыгъупщэу, къэкІуэпуми фІыкІэ хуэпльэу

Илъэс зыбжанэ ипэкІэ накьыгъэм и 21-р - Адыгэхэм я фэеплъ махуэр - Къэбэрдей-Балькъэрым мыдэжьэгъуэуу щагъэувауэ а хабзэм тетщ.

А МАХУЭМ республикэм и къалэхэм, къуажэхэм щокІуэкІ ильэсищэ зауэм экІуэда адыгэхэр, хэкур зрагъэбгынэхэу Истамбылакіуэ гъуэгуанэр иужьрей зыхуэхъуахэр, кІэщІу ящІэмэ, я лъэхъэнэм урысей пащтыхьыгъуэм эрихьа хабзэншагъэм и упщІ зыІыпыса псори ягу къыщагъэкІыж нэщхъеягъуэ зэкъыхьэхэр. Ауэ зыхуэунэ тІар лъэпкъым кьыгепсыха а гуэвэнгъуэшхуэм хуэдэ афІэкІа зэи къэмыгъэхьужьнырщ.

Иджьблагъэ Къэрэшей-Шэрджэсми апхуэдэ унафэ къыщащтащ - накьыгъэм и 21-р а щІынаІъэми мыІэжьгъуэ махуэу къыщаІыратащ. Апхуэдэ хьыбар кьитащ КъШР-м и президентым и пресс-Іуэхущ Іапі эм и унафэщІ Йенсен Еленэ. Абы кьыхегъэщ республикэм и Адыгэ Хасэм Батдыев Мустэфа апхуэдэ лъэІукІэ зэрызыхуигъэзар икІи республикэм и унафэщІым ахэр игъэщІэхъуакъым.

Иджы мы гъэм накьыгъэм и 21-м Къэрэшей-Шэрджэсым и жылагъуэ хэм щыгъуэ пэкІуэр, зэхьыхьэр щекІуэкІынущ, адыгэ лъэпкъым тхыдэм хэта напэкІуэцІ нэщхъеягъуэхэм щагъэншагъэм и щагъэгъуэзэнущ.

Ди нэхъыжьхэр щІэж-щІэхьыпэ ущиех зэхьбох: «Зи блэкІар зышыгъупщэм, къэкІуэни иІэкъым». А псалъэхэм я кущІэр зыхащІэу, я тхыдэри ящІэрэ къэкІуэнуми фІыкІэ хуэпльэу щІэблэр къэгъэтэджыным хуэунэтІа дерсхэр зэкъуэш республикэхэм щрагъэкІуэкІынущ.

БЭГОКЪУЭ Албэч.

● Дыгъуасэ

Ди пщэдеймрэ дытелъжьэн пхъэкІэ

Адыгэхэм я щыгъуэ махуэм, накьыгъэм и 21-м, теухуауэ иІэ Іуэху ельыкІэхэр кьиІуатэу дыгъуасэ Печатым и унэм журналистхэм щаІущІащ Налшык дэт Ислъам институтым и упафэщІым и къуэдзэ Джэдзуф Асльэн.

- Ильэс къэс мы махуэ гуаузр дигу къыдогъэкІыж, - жиІащ абы, цІыхубз хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм защыхуитаззэм, - Шэч хэлъкьым а махуэр зыщыдгъэгъупщэ зэрымыхьунум. Ар ди лъэпкъ тхыдэм щыщ Іыхьэщ, ди блэкІащ, атІэми а зауэм ильасым ижь щІихуауэ щытащ. Ауэ ди тхыдэр тщІэжьным кІыкІыкъым абы дыкъыщызэтеувыІэу адэкІэ дыкІуэтэн, зыдужьым хуэмеІуэ. Ди блэкІам дерс кьыхэтхьу, ди щэнхабзэ лъапІэныгъэхэр Іэщ Іыбэ дымыщІу, ди гъащІэр, ди нобэмрэ ди пщэдеймрэ нэхъыфІ зэрытщІыным дытелъжьэн хуейуэ араш. А фэеплъ мазхэр дигу кьыщыдгъэкІыжкІэ, а зауэм ихьаэм Тхьэ дахуелъэІуныр, псапэ нэмэз яхуэтщІыныр нэхъыфІт, фэжагъуэрэ нэмыплъэ кьэзыхь псалъэмакъ лейхэм дыхэмыту.

Джэдзуф Асльэн апхуэдэу жэуап иритащ а Іуэхум теухауэ журналистхэм я упщІэхэм.

ИНЭРОКЪУЭ ТІатІэ.

● Мэкъумэш

Шымэракіуэр куэду

Кышпэк (Тыжьей) къуажэм вапІэу ІэкІэ тектар 2,857-р къанэ щымыІэу бдджэндырылажьэ зэгухьэныгъэхэмрэ я щхьэ закъуэу лажьэхэмрэ иратащ. Ахэр псори зэхэту 154-рэ мэхъу. Бекар 661-м гуэдзащІ, 154-м щымэракіуэр. 817-м хьэр, 272-м нартыхэр, 101-м сэхуарныр, 172-м хаджэкІэхэр трасащ.

БАЛЪКЪЭР Леонид зи унафэщІ «Трудовой горецкий акционер обществэм гектар 700 хуэдиз иныгущи, куэду гуэдзи, хьэи, горохи, сэхуарни, гъавапхъэ нартыхуи хисащ. Гъавэ нэхъыбэ зэрызригъэхъулІэным хущІэкъуэ лэжьакІуэхэр техникэу иІэ псори абы къегъэсэбэп. «Трудовой горецыр» дэгъуэу кьызэгъэпэщащ сыт хуэдэ мэкъумэш техникэкІи: трактор зэмыІэужьыгъуэу (КА-700, ДТ-75, МТЗ-80-82) 24-рэ иІэщ. Абы кІэращІэнущ прицеп 28-рэ, пресси 4, нэгъуэщІхэри. Хьэпъэзешэ машинэу яІэр 30-м щІегъу.

Администрацэм и лэжьакІуэ Щоджэн Дианэ зэрыжиІэмкІэ, щІыр бдджэнду кьеІызыхьэр 151-рэ мэхъу. Абыхэм нэхъ къахожанькІ Гуэщокъуэ Олег. Абы гектари 10 иныгущи, и зэхуэдитІым хьэ тракущ, адрей кьынар щІымэракІуэ ящІащ. Балькъэр МуІзед и гектар 13-м гуэдз, хадзэкІ, щІымэракІуэ, хьэ хисащ. Хьэпэхъу Хьэсэн и гектари 8-ри щІымэракІуэ ящІащ.

ЧЫНТ чым.

● Гу зытытапхъэ

УпщІэ фиІэмэ

Урысей МВД-м и инспектор юмиссэм и унафэщІ Нуманов Хуршед Ишонкул и кьуэм 2007 гъэм накьыгъэм и 19-м сыхьэти 10-м щрІыщІдзауэ 15 пщІондэ Кьэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и министерствэу КъБР-м щыІэм и административнэ унэм и пэщ №57-м щрегъэблагъэ Кьэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэм и хабзэхьэумэ лэжьыгъэм теухуауэ упщІэ эиІэ щІыхуэр.

Комиссэм и унафэщІым хуэзэну хуейхэм ипэ иту лъэІу тхьилъ КъБР-м щыІэ МВД-м лэжьыгъэ Іуэхухэмрэ режимымкІэ и кьудамэм щІэфІхьэну кьыжьоІэу мы хэщІапІэмкІэ: Налшык кьалэ, Куливеин и уэрам, 10. Телефонхэр: 40-49-38, 40-48-48.

КъБР-м щыІэ МВД-м и пресс-Іуэхущ Іапі эм.

Хьэршым

«Прогресс» къхъухьым Дунейпсо хьэрш станцым нигъэсащ ерыскъыпхъэ. Хьэпшып зэмыпІэужьыгъуэу тонни 2,5-рэ.

Станцымрэ къхъухьымрэ зызэпащІыжьын ехьэлІа Іуэху псори тэмэму икІи щыуагъэнщэу зэкІэщІ.

(ИТАР-ТАСС).

НОТЭ

♦ Мароккэм и лъэпкъ бэракъым и махуэщ. **2003 гъэм накьыгъэм и 16-м къаралым щалэжьа террорист щІэныгъэдахэм я фэеплъыр ягъэлъапІэ.**

♦ Іуэхущ Іапі э цІыкІуэхэм я лІыкІуэхэм Москва щрагъэкІуэжьынущ VIII конференцыр. «ВТО-м хьихьэн и пэкІэ Урысейм и бизнес цІыкІумрэ курытымрэ зэрыщытыр» зыфІащар.

♦ Накьыгъэм и 16 - 18-хэм Владивосток щекІуэкІынущ урысей-китай уху нэшагъэ форум.

♦ Накьыгъэм и 16 - 19-хэм Будапешт (Венгрие) щекІуэкІынущ 14-нэ дунейпсо промышленнэ гъэлъэгъуэныгъэ.

♦ 1954 гъэм Налшык къыщызэІуахауэ Вовчок Марко и фэеплъыр.

♦ 1985 гъэм СССР-м щагъэуващ фадэншэу псэуным теуху а хабзэхэр.

♦ 1808 гъэм къалъхуащ адыгэ тхыдэтх, тхакІуэ Хьан-Джэрий СультІан.

♦ 1917 гъэм къалъхуащ КъБР-м щыІэ эиІэ и артисткэ Щхьэгъэпсо Таужан.

♦ Дыгъэр зыщІэкІынущ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 40-м, къуэдзэжынущ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 29-м.

♦ Махуэм и кІыхьагъэщ сыхьэт 14-рэ дакъикъэ 49-рэ.

ПІалэнэр зыгъэзэжьыгъэр **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Адыгэ Іуэхухэр

Зи бзэр бдгъэм нэмыс иІэщ.

"Адыгэ псалъэр" ныфхуэхъунщ фыщуфІэн

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

2007 гъэм и етІуанэ ильэс ныкъэм ныфхуэхьыну газетхэм Іэ тедзэныр республикэм и пощт Іуэхущ Іапі эхэм мэлыжьхьым и 1-м щыщІэдзауэ зэрыщІекІуэжьыр фигу къыдогъэкІыж.

Ауэдэу гу лъмыдгъэтэну дыхуейщ газетым и Іэ тедзапІэр нэхъ нуд зэрыхъунэм. Ящэ ильэс ныкъэм сом 338-рэ кІэлъеІэкІэ 40-рэ хуэзэу щытамэ, 2007 гъэм и етІуанэ Іыхьэм зи уасэр сом 317-рэ кІэлъеІэкІэ 76-рэщ.

Ди индексыр 51531

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзам и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ А.Б. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзам къыщыгъэлъэгъуэ Іуэхуэхэмрэ кьыхэщ кьалэнхэмрэ дІыгъын.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэм яхуэгъэзауэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзам кьыщыгъэуващ кьалэнхэр гъэззэщІным хуэунэтІа Іуэхуэхэм пІалъэ кьыхэмыкІыу хэпльэныр кьыхэрагъэпэщыну.

3. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм хуэгъэзауэм:

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзам щыгъэзауэ кьалэнхэр гъэззэщІным хуэунэтІа Іуэхуэхэм ятеуху план пыухыкІа эзэтрихьауэ щыта щІыхуэ псори япшыныжьын яхуэзфІэкІащ.

2005 гъэм ельытауэ нэгъабэ республикэм и бюджет Іэнатіэм налогыу кьыІэрыхьар хуэдэ 1,4-кІэ нэхъыбэ хуэащ икІи сом меларди 3-м нэсащ. Абы и фІыщІэкІэ нэрылъагъуу хагъэхъуащ социальнэ Іуэхум трагъэкІуадэ ахьшэм.

Зыкъом зэфІагъэкІащ хуэмыщІауэ псэу цІыху гупхэм зэрызыщІагъакъуэр егъэфІэкІуэным, социальнэ Іуэхутхъэбзэхэм я фІагъыр кьэІэтыным хуэунэтІауэ. Мазэ кьэс дэІэпыкъунгъэ лІэужьыгъуэу 20-м щІигъу псори зэхэту цІыху мин 220-м щІигъум ират.

Узыншагъэр хьэмэным и Іэнатіэм щрагъэжьащ медицинэ Іуэхутхъэзэхэм я фІагъым хэгъэхуэныкъэ ахэр псоми ялъэІэсу щытыныкъэ хуэунэтІа Іуэхуэхэр. «Узыншагъэ» пІэнкъ проект пэрытыр гъэззщІным ехьэлІауэ республикэм узыншагъэр хьэмэныкІэ и Іэнатіэм кьыІэрыхьэ ахьшэм зыбжанэкІэ кьыхуущІагъуащ. Нэрылъагъуу ефІэкІуащ медицинэ Іуэхущ Іапі эхэр иджырей оборудованэкІэ кьызэрызэрагъэпэщащ. Ику иту хуэди 3-кІэ нэхъыбэ хъуащ участкэхэм щыІэ дохутырхэмрэ курыт медицинэ лэжьакІуэхэмрэ кьаІэрыхьэ лэжьапщІэр, «дэІэпыкъуэгъу псынщІэм», лъхурэм щыщІа Іуэхущ Іапі эхэм я дохутырхэм я улахуэхэмкІ хэпщІыкІыу хагъэхъуащ.

Егъэджэныгъэр къэгъэщІэрэщІэжьыным ехьэлІа Іуэхуэхэм хиубдэу зэфІэгъэкІащ зи школ кІуэгъуэ мыхъуа сабийхэр здэщыІэ Іуэхущ Іапі эхэмрэ школхэмрэ зэпыщІауэ щытыным ехьэлІа лэжьыгъэхэр. Абы и сабэпкІэ яджы школым щІэтпысхьэну зи ныбжьыр нэмыса цІыкІухэм я процент 70-р ирагъэджэныжькІэ Іэмалхэр щыІэ хъуащ. Егъэджэныгъэм и федеральнэ стандартхэр къэгъэсэбэпныр, унэтІныгъэ хэхахэм тету егъэджэныр и лъабжьэ къагъэщІэрэщІэжь курыт щІэныгъэм и зэхэтыкІэр. «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проект пэрытыр щагъэзащІа лъэхъэнэм республикэм и школхэм ехьэлІа Іуэхуэхэу зыхуеинэу псори зыхэт зэрыраГъаджэ оборудованэу 101-рэ, къуажэ еджапІэхэм папщІэ автобусу 37-рэ. Интернетым пащІащ егъэджэныгъэм и Іуэхущ Іапі эу 253-рэ.

(КІэлъыдыдэр 2-нэ нап.)

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ А.Б. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзам къыщыгъэлъэгъуэ Іуэхуэхэмрэ кьыхэщ кьалэнхэмрэ дІыгъын.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэм яхуэгъэзауэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзам къыщыгъэуващ кьалэнхэр гъэззщІным хуэунэтІа Іуэхуэхэм пІалъэ кьыхэмыкІыу хэпльэныр, ар щхьэхэуэу кьыдогъэкІынырщ.

3. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм хуэгъэзауэм:

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзам щыгъэзауэ кьалэнхэр гъэззщІным хуэунэтІа Іуэхуэхэм ятеуху планыр пыухыкІа эзэтрихьауэ щыта щІыхуэ псори япшыныжьын яхуэзфІэкІащ.

4. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и кьэрал властым и гъэззщІакІуэ органхэм яхуэгъэувын, щІыпІэ самоуправленэм и органхэм чэнджэщ етын Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзам ипкъ иткІэ хуэзэ Іуэхуэхэр гъэззщІэныр кьыхэрагъэпэщыну.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІ БЕЧЕЛОВ Ильас

Налшык кьалэ
2007 гъэм накьыгъэм и 11-м
№ 1120-II-П

Къалэм нэхъыбэхэр

(Кізлъыкіуэр. Пэщідэдзэр 1-нэ нап.).

Апхуэдэ стратегиер пхыгъэкІыным кІэухыу кІэзэрыгъэпэщынуд Къэбэрдей-Балъкъэрым и статусымрэ абы и пщІэмрэ лъагэ хъунЫр. Ауэ ар зыпыщІагъ къэкІуэну зэманырщ.

Мы гъэр къапщтэмэ, экономикэм зиужьыныжмкІэ хэкІыпІэ нэхъыщхьэу кІонэж промышленнэ комплексыр. Нэгъабэ Парламентым Зэрызыхуэзгъэзам дэ щыдгъэвдаУ щытащ мы Іэнатіэм и зэхъыкІыжэ зэхъуэкІыным теухуа кьалэныр. Ауэ нобэрей махуэм езэгъ промышленнэ политикэ иубзыхуну Правительствэм зэкІэ хуэфІэкІыркъым. Іэнатіэм и кІыхьэгъэпэщкІэр, апхуэдизкІэ зэгъэзыуакъым. Абы тІыкъыжьу апхуэдэ щыткІэр зэрахъуэкІыну.

Іэнатіэр зэрызэрахьэр едгъэфІэкІуэн папщІэ дэ унафэ тщІащ ар Гъэсэныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ министерствэм хадэхъэжу. Абы теухуа Іуэхум сэ дгъуэсэ Іэ щІэздзаУэ аращ.

Республикэм зэман къэкІуэнум тещІыхьауэ щекІуэкІ промышленнэ политикэр хуэунэтІыпхъэщ щІэнигъэр куууэ къэзыгъэсэбэп, инновацэ унэтІыныгъэхэм хуэкІуэным, щІэупщІащхуэ зиІэ продукцэ технологие лъагэхэм теты кьыщІэкІыным, республикэм нэгъуэщІ къэралхэм щицІэ продукцэм хэгъэхъуэным. Нэхъыщхьэ дыдэр аращи, промышленнэ политикэм кьыщІытапхъэщ цІыхухэм я Іуэкиу дзэкІынымрэ, гъэкъабгъэ Іэнатіэу щытІэхэр хъумэнымрэ, япэм щІыпхаэр зэтегъуэвжьынымрэ.

Ди предприятэ инхэм я нэхъыбэм инфраструктурэр, унэхэр, оборудованэр щахъумащ, щІэныгъэ нэхъыщхьэ, курыт щІэныгъэ зиІэ инженерхэмрэ техникхэмрэ зэхуашэсыкьифынуд икІи, унэтІыныгъэ тэмэм епт нэужь, продукцэ лІэужьыгъуэ куэд ягъэхъэзырыфынуд. Продукцэу абыхэм ягъэхъэзырынур зыхуэдэр зэпытат а Іуэхущапхэхэр зи мыпхъуу щытынур хэлъ. Абы къыхэкІыу нэхъ щыкІагъэр елэжьынымрэ инвесторхэр а Іэнатіэхэм къэлэпІэным. Инвесторхэр къэпхъуэныр предприятэр зи мыпхъуу щытынур къэгъуэтыным теухуа лэжьыгъэу къэлэпІэн хуейщ. НэгъуэщІ жьпІэмэ, инвесторым хуэгъэпсыгъэн хуейр лэжьыгъэ щхьэхуэркъым, атІэ сыт и лъэныкъуэкІи зэтегъэува производствэ Іэнатіэщ. Арыншауэ, ди нэгу зэрыщІэкІащ, зыри тхуэзфІэкІынукъым.

Абы и щыхьэт нАуэщ Тырныауэ комбинатыр. Дызэрыт илъэсым къыдбгъэдэхуэ къалэн нэхъыщхьэщ ар зэзыгъэпэщыжьын икІи лажьэу зыиУтІыпщын инвестор кІыхьэхныр. Зэман кІыхьым тещІыхьауэ абы иІэ мыхьэнэр зэрыиныр къэтлыытэу, дэ а проектым пыщІа социальнэ къалэнхэр дгъэзыІыныжкІэ тхуэзфІэкІ псори длэжьынуд хуейщ.

Иджьпсту лажьэ предприятэу 30-м Іэнатіэщхэр щызэтегъэуэвэныжмкІэ проектхэр ягъэхъэзыращ икІи ахэр пхыгъэкІын хуейщ. Рособоронзаказымрэ Роспромымрэ зэрагурІуэм тету, Правительствэр адэкІи елэжьыпхъэщ электроприборэр зыгъэхъэзыщ ІуэхущапІэхэм ящыщу зыбжанэ къэралым и зыхъУмэжьныгъэм телажьэ пРомышленнэ комплексым хегъэуБыдэныМ.

Хэхъуэхэр нэхъыбэ щыныжмкІэ, цІыхухэр лажьэлІэкІэ кьызэрэпэщыныжмкІэ республикэм и экономикэм и Іэнатіэхэм ящыщу нэхъ уэзыщІкуГъ хъунур, щэч хэмылъу, рекреацІэ комплексыщ икІи абы, здэщыІейну щІыпІэ елъытакІэ 10-уз зэпыудауэ, зрагъэужьыну я мурадщ. А къалэныр ГъэззщІэным и лъэныкъуэкІэ уней мылъкури къэралым и зэфІэкІхэри зэдэууэ къэтэсэбэпэн хуейщ. Мы зэманым щІэтІэхъуэбжьауэ къалтхъуэ Іуащъьмахуэ дэкІ кІапсэ ГъуэгурУ къыкІэпыкІуэ и Іыхьитір укъуэдиным, Чегет бгым дэкІ кІапсэ ГъуэгурУ лыжэ ГъуэгурХэмрэ щІыным, Іуащъьмахуэ и ящхъуэ бгъуэщІыр къэгъэсэбэпыным къыхъэн инвесторхэр.

Правительствэм, псом ямпу КурортхэмрэТуризмэмкІэ министерствэу Фырэ Р.Б. зи пашэм, я кьалэнщ а Іуэхуэхэр нэхъ жьыдэжу икІи ерыщу пхагъэкІыну, Іэмал нэхъ кьеЗэгъэхэр, нэхъыщхьэр аращи, инвесторым и деежи гурыуэнэ хуэ икІи Іупщіу щытхэр, кьаЗэрагъэпэщыну. Сэ мызэ-мытІэу жьсІаш, ноби кьытызогъэзэжкри жьзоІэ куРортым, туризмэм я индустриеу фейдэ кьызыпыкІ икІи щІэупщІэ зиІэр зэман благъэм зэтедгъэзэну, а къэралым, нэхъыщхьэ зэрагъэхэм ящыщу туризмэм и рынокым щыпашэхэм дахэуэвну ди пщэ зэрыдэлъыр.

Экономикэм и Іэнатіэхэм ящыщу нэхъ псынщІэу зызыужьыныгъэхэм икІи технологие лъагэхэр кьызыпсэбэпыфынымрэ мэкъумэщ хуэзэйствэр зэрахэтыр Урысей Федерацэм и Президентым кьыщигъэлъагъуащ абы Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам. Мы Іэнатіэр фейдэ кьыщІэуэну гъэлэжьным хуэунэтІыным, нобэрей ирагъэІэу кредит ресурсхэр кьыхуэзщІэгъэуІуэнымкІэ, хьерышхуэ кьэзыт Іщі лІэужьыгъуэхэр гъэбэгъуэнымкІэ, Іэщ гъэхъуэным и мылъку-техникэ лъабжьэм зэгъэужьынымкІэ щыІэ хэкІыпІэ псори нэгъэсауэ къэдгъэсэбэпыну. Абы папщІэ ди дежи щыізэтегъэуВыІапхъэщ быным пыщІауэ щІыпІэ псори нэгъэсауэ къэдгъэсэбэпыну. Абы папщІэ ди дежи щыізэтегъэуВыІапхъэщ быным пыщІауэ щІыпІэ псори нэгъэсауэ къэдгъэсэбэпыну. Абы папщІэ ди дежи щыізэтегъэуВыІапхъэщ оборудованэр лизингкІэ къэщІэхуНыжмкІэ, ахэр тегъэшэжьныжмкІэ нэхъ кьеЗэгъэну схемэхэр.

Апхуэдэу гъэбелджьылэн хуейщ мэкъумэщ техникэр къэзыгъэсэбэпын хуейр. Іэнатіэм и кьыізэрэгъэсэбэпын хуейщ унэ, фэтэр езыгъэщІыну е къэзыщхуну зи мурадхэм дазрыдзэпыкьуфыну хэкІыпІэ псори.

Къэралым и Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыщигъэзвауащ цІыху гуп псоми папщІэ псэупІэхэр зыубгъуэуІуэ ухуэныжмкІэ зэман кІыхьым тещІыхьа программэ зэхэтхъэн хуейуэ, апхуэдэу къэралым псэупІэу щащІыр 2010 гъэм ирихьэлІэу Урысейм ис дэтхэнэ зы цІыхуми хуэзэу зы метр зэбгъуэзэнатІэм нагъэсыну. Абы тепщІыхьмэ, а зэманым ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм, Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкІэ министерствэм кІыхьлІыхь ямыщІу ягъэхъэзырыпхъэ хуейщ республикэм псэупІэ щыІэ Іуэхуэм и программэу сыт и лъэныкъуэкІи зэпэпльатэр икІи ди къаурр зыпэлъэщынур.

Урысейм и Президентым кьыгъэуващ цІыхухэр унэ ныкьуэкъуэхэм кьыщІэгъэЗэпхъуэкІыныжмкІэ программэм сом мелларди 100 нэхъ зэ мынэхъ мащІэ, псэупІэ фондыр зэгъэпэщыжьным сом мелларди 150-рэ икІэ кьимыхуэу хуэхахыну. А программэмэхэм ди республикэр нэхъ нэгъэсауэ хэзэн папщІэ Правительствэр жьыдэжру федеральнэ центрым щымыІаужьу хъунущ.

ХуэакІуэ комплексым кьыпэщыІуэ и чэзу къалэнщ кьалэхуэу законодательствэр, зэрыщыту нормативправовой документ псори федеральнэ законодательствэм кьыгъэувэн егъэзэгъэныжмкІэ. Псом ямпу гъэхъэзырауэ кьыщІэн хуейщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыналъэ планхэр зэпыщІэхалъхьэ схемэр, щыр кьэгъэсэбэпыныжрэ абы ухуэныгъэхэр тещІыхьныжмкІэ хабзэхэр. Проект-семэр документацІэм и фІагъыр кьэІэтыным хуэунэтІа лажьэгъэм пыщІауэ ди жылагъуэм сыт хуэдэ гугъуЕхь нэхъыщхьэ щыІэ?» жаІэу зэуущІахэм я процент 40-м я жэуапхэм щІэупщІ псыкІэ, электрокъарикІэ, газкІэ и кьыізэрызэрагъэпэщыжьым ахэр арэзы зэрямыщІыр. Абы къыхэкІыу псэунигъэр зэпльата коммунальнэ Іэнатіэхэр тэмэму гъэлэжьынымрэ, щІыхухэм псэукІэ зэІуэзэщІ къахъэзгъэпэщыныр къалэн пэрытхэм ящыщу нобэми кьонэ.

Правительствэм, ПромышленностІ, Іэнэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкІэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ министерствэм, муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я администрацэхэм пащэн хуейщ икІи къыізэрэгъэпэщ, уэшх-уэсыпсыр зэрямыщІэж хуабэ зэрыдгъэмысэмэхэр щІэгъэхуэбжьауэ къэгъэщІэрэщІэжьынымрэ, жьы дыдэ хъуа инженер сетхэр зэхъуэжьынымрэ, котельнэхэр реконструкцэ щыным, фейдэ пыІъу къыщІальІытэм дэк - унэхэр пыгъэщхьэхуэкІауэ зэрагъэпІъ иджыйрей котельнэхэр гъэувыным.

Мыхьэнэшхуэ иІэщ псэупІэ фондыр зи мылъкуу щытхэм, унафэщІ компаниехэм, псэупІэхэр зезыхъэ подряд ІуэхущапІэхэм я къалэнхэр зэпэгъэшынырэ и пльабжьэ республикэм и псэупІэ Іэнатіэм монополие щымыгъэІэжьынымрэ, абы пыщІахэр зэпеуэныжмкІэ Іэмалхэр кьахъэзэпэщынымрэ хуэунэтІауэ Урысей Федерацэм и ПсэупІэ кодексым щыубзыхуэ Іуэхуэхэр гъэззщІынымрэ.

Иджьбагъэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэр зехьэныжрэ и пщэ дэтпльхащ щІэуэ кьызэдгъэпэща министерствэм. Уянаев К.Хь.-М. зи унафэщІ а министерствэм, мы Іэнатіэм зи нэІэ тет, Правительствэм и Унафэщым и Іуэхущапхэ Чеченов А.А. сымэ дащогуръ кьабгъэдэхуэ къалэн инхэр, жэуапльнырэ зыпыльхэр нэгъэсауэ ягъэзэщІэну.

Ди лэжьыгъэм сэбэныпхагъэ гъэтэмэныным, муниципальнэ пассажир транспорт ІуэхущапІэхэм я транспортыр щІэныжмкІэ зыныкъыныжмкІэ, транспорт Іуэхутхъэбзэкъэ гъэззщІэ зэрыхъэ зэрыхъэ-гъэпсэбэпыр егъэфІэкІуэныр. Гу лъытапхъэщ къэралмылькур кьызэрагъэсэбэпым кьыпэкІуэу республикэ бюджетым кьыізэрыхьэ ику иту къэралым кьащыІэрыхьэм нэхърэ нэрылъагъуэу зэрынэхъ мащІэм. Апхуэдэ щытыкІэр пшэчныкІэ Іэмал зимыІэщ. Ди къэпльапщытщ республикэ, муниципальнэ мылъкур щІэрыщІэну къэтпощытэжьну, абы щыщу республикэ Іэнатіэм, муниципальнэ Іэнатіэм кьапэщыт къэкІуэнымрэ щІэзэщІэжьынымрэ къаГъэсэбэпыну мылъкур пыуХыкІауэ щытІ Іупщіу дгъэзекІыжьыну. Адрей мылъку псори закъоныгъ тет етын хуейр фейдэ пыІъу къэзыгъэсэбэпынухэм.

Абы кьыдэкІуэу гъэбелджьылэнхэщ шэч уэзыгъэщІ Іэмалхэр кьагъэсэбэнуРэ зэбграха мылъкури, зыЗрыхьахэм фейдэ пыІъу ямыгъэлажьэ мылъкри къэралым зэрыратыжыну щыкІэр, апхуэдэу убзыхуэ Іуэхущ къэралым и Іыхьэ зыхэлъ Іуэхущапхэ банкрот хуъуахэм зэрабгъэдыхьэпхъэ политикэ пыуІыкІар. ТІум щыгъуэми апхуэдэ Іуэхухэм гугъыуэ яхэлъу бгъэдыхьэн хуейщ хабзэхъуэ зэрыщыІыпІар, ар ди гъащІэм лъэныкъуэ куэдкІэ зэрыпыщІар. А Іэнатіэм щызэфІдгъэкІэн куэдкІэ елъытауэ щытынущ цІыхухэм я псэуныгъэри республикэм и политикэ зыиужьныгъэри.

КІэщІу жьпІэмэ, зэман благъэм зэхущытыкІэхэр ТхьэмадэмкІэ щыІэныгъэ хъуащ. Нэрылъагъуу хэхъуащ цІыху зыхъэзэхъэхэр. Спиртымрэ аркъэмрэ я акциз къыриубгъэу ди бюджетым кІэлъыплъ хъуащ. Нэрылъагъуу хэхъуащ цІыху щхьэхуэхэм я хэхъуэхэм япэкІуэу къыхэкІ налогыр, транспортым тралъхь налогыр, ахъшэкІэ джэгунэ къызэзыгъэпэщ бизнесым кьыт налогыр. Дызэрыт илъэсми абыхэм яхуэунэтІа лжьыгъэхэм пыщІэн хуейщ. Республикэм идкьыри увыпІэшхуэ щеубыд зэтеуфамэу лажьэ зэмонаторыкІэ Іэнатіэм. Нобэм къэс къагъэсэбэп хэІущІыу ямыщІу экономикэ лэжьыгъэ ирагъэкІуэкІыныжмкІэ сэбэп гъэсу схемэ зэмылІэужьыныгъэхэр. Дэ ди кьалэнщ экономикэр зэІуэхуэ лэжьэныжмкІэ, зэрэмыгъэ зэмылъу Іуэхуэкіэ зэпеуэныжмкІэ, нэгъуэщІу жьпІэмэ, хьарычат лэжьакІуэхэр къаралым зыщагъэпщІкІну ебыгъэ зыхъэусыгъэхуэхэр гъэкІуэнымкІэ Іэмалхэр кьызэдгъэпэщыну.

Зи Іуэхуэхэр я нэхъыбэлакІэ дотацэхэм елъыта дэтхэнэ республикэми хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ федеральнэ центрым тэмэму дэлэжьэныным. Гугъуехьхэм ящыщ куэд дэ ди къауркІэ дэдгъэзыфынымрэ. Ауэ федеральнэ центрыр финансэкІэ кьыдэмыІэпыкІуу идкьыпсту щытыкІэм куууэ зедгъэхъуэжьын, экономикэм гъэпщІауэ зэрызэужьын пльабжэ зэтедгъэувэн дэ тхуэзэфІэкІынымкъым.

Абыхэм кьадэкІуэу кьыдгурыІуэ и чэзу хъуад псори бюджет ахъшэ кьудейкІэ зэрыпхуэзэфІэмыпэкІынур. Дэ ди лэжьыгъэр хуэдизтІыпхъэщ инвестицэхэр кьызэщІэныжмкІэ, бюджетым щыІэ хэкІыпІэхэр къэгъэсэбэпынымрэ, инвестицэ программэ инхэмрэ проектхэмрэ республикэм и щыналъэм Іуэхущ щыхъун папщІэ банк Іэнатіэм экономикэм хитІыр кредитхэр нэхъыбэ щыныжмкІэ. Абы и лъэныкъуэкІэ властым, бизнесым, жылагъуэм я зэфІэкІхэр зэгъэуІун хуейщ.

Апхуэдэу фІэкІ кьыпхуэзэпэщыныкъым экономикэр кьэІэтыныжмрэ экономикэ зыужьныныгъэ нэсымрэ.

Ди дыхьэшхуэ кьалэн нэхъыщхьэ дыдэу дяпэкІи щытынущ цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэныр. Ауэ ар хэхъуэхэр нэхъыбэ щыным и мызакъуэу, псэукІэм и фІагъыр кьэІэтыными куэдкІэ елытащ.

2006 гъэм и IV кварталым теухуауэ статистикэм кьита бжьыгъэхэм кьызэрагъэлъагъуэмкІэ, республикэм исхэм я процент 13,8-р е цІыху мини 123,3-р хуэмышІауэ мэпсэу. Хабзэ хуэдизу, хуэмышІакъым хабжэ гупхэм кьадэкІуэну тхъэмкІадгъэхэр зэзгъэпэщыжьынымрэ, Іыхьэшхуи, абыхэм я упахъэр щыпсэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зызыЕрэзынымсым кьызэкІыну.

Араущ гъэжьапщІэм зэпымыуэу зэгъэхъэзыныр дэ едгъэкІуэкІ социально политикэм и мурад нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ хъун щыхуейр. Абы и лъэныкъуэкІэ щІэгъэкъуэнщ бюджет Іэнатіэм и лъжкалІуэхэм нэхъ мащІэ дыдэу кьалэжьыр, улахуэхэр зэхъэтыныр. 2007 гъэм кьриубгъэу бюджет Іэнатіэм кьыщІэгъэсэбэнуращІэкІ хуейщ хозяйствэр зехьэныжмкІэ ІэмалыщІэхэм нэхъ хуэщІауэ щыт отраслевой хабзэхэм тету гъжьапщІэр тыныр. Апхуэдэ хэкІыпІэхэр кьагъэсэбэну хуежьа нэужь, Іжьапщ1эр кьаІэтынущ бюджет Іэнатіэм щылажьэхэм я бюджетэ гъэтхьэмкІэ, бюджет Іэнатіэм я зэхэтыкІэр реструктуризацэ щыным я зэхъэныкІэр.

Урысей Федерацэм и Президентым и Зэрызыхуигъаззм щыубзыхуащ пенсэ ахъшэр хэпщІыкІыу кьэзгъэтыным, щІыхухэм я пенсиохерхэм, ныкьуэдыкъуэхэм, нэгъуэщІ хэмыщІахэм якІэлъапІтъ ІуэхущапІэхэм я лэжьэкІэм пльщу зедгъэхъуэжьыну. Ныкьуэдыкъуэхэр зыхуэныкьуэ псори хьИхьэу социальнэ Іуэхутхьбзэхэм кьыізэщІегъэубгъэн хуейщ фІагъри зэфІагъэкІ лэжьыгъэм и куэдагъри.

(Кізхуэр 3-нэ нап.).

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** трихащ.

Кьалэмэ кьыхьэзэ

(Кlэухыр. Пэщlэдзэр 1,2-нэ нап.).

Гуlэытэ хэха хэущlыхьэщ зыхэмыщlахэм зыхуэныкъуэхэмкlэ езыхэм зыкъызэрагъэпэщыкъым, унагъуэхэм я деж хьэрычэтыщlэ мыиным зыщlегъэужьыным тегъэгушхэныкlэ социальнэ Iэнатlэхэм я зэфlэкlэхэр къызэсогъэпыным.

Сабийхэм зауэзыщlыкlэ, адэанэхэм я кlэпыпlпыныгъэхэм щlэмыт сабийхэм щытыкlэфl кьахуэзгъэпэщыныкlэ щыlэ иныкуэдэ Iэмалхэм зегъэужьыным тещlыхьэ Iуэхугъэ зэуlур Iэмал имыlэу гъэзэщlапхъэщ.

Абы кьикlыращи, дэ кьыптэщытщ щlыхуэхэм социальнэ дэlэпыкъуныгъэ етыным зэпIэзэрыгъ хуэлэжьэну Iэмал езэгърабгъуэхэр кьэдгъэуцыну.

Мыхьэнэшхуэ зиlэ я кьалэныр гъэзэщlэныкlэ жэуапткlуэр Тюбеев А.И. зи унафэщl Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкlэ министерствэрщ.

Щlыхуэм и зэфlэкlым хигъахуэзи икlи зригъэужьын щхьакlэ абы Iэнатlэ иIэн хуейщ. Аращ республикэм мылажьэу исхэм Iэнатlэ кьахуэгъуэтынщ ди социальнэ политикэм и унэтныныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщу къыщlэтлъытэр. 2007 гъэм и пэм гъэжьапIэнэщу ятхар щlыху мин 32,9-рэ хьурт. Ауэ мыбдежым Iэмал имыIэу кьэгъэлъагъэуэ хуейщ лэжьэфныгъэм ящыщу официальнэу зезыгъэтхэм я бжыгъэр ижьырей иныбэхэм кьриубыдэу иджы япэу республикэм проценти 7,5-кlэ зэрыщехар. (2006 гъэм щlышылэм и 1-м - проценти 9,8-рэ).

Ар щlэздзапIэ кьудейуэ зращ. Экономикэм и щытыкlэр зезыгъэтеувэжым лэжьапIэнэхэм я бжыгъэм химыгъакъуэу зэман гъунэ хуэхэм зэтрилъэными, щlыхуэр Iэнатlэкlэ кьызэгъэщынчьын фейдэ пlыльу хуэлэжьэну политикэ гбзыхуаи диIэн хуейщ.

Мы гъэм щегъэжьауэ республикэм кьратыжащ щlыхуэм Iэнатlэ кьахуэгъуэтынным техуэ кьэкlэ политикэр пхырыкlыным пыщlа кьалэн псори. Абы кьыхэкlыу, республикэм и власть органхэм яхэ жэуапIныгъэм хэхъуащ. А Iуэхур иунэтыныр и щхьэрыпlщ Щlыхуэм Iэнатlэ кьахуэгъуэтынныжькlэ кьэрал комитету иджыблагъэ кьызэрагъэпэщнчьм, щlэныгъэ щрагъэгъуэт щыкlэр Iуэхугъэ зэуlур Iэмал имыIэу бжыгъэхэм нэхъыбэ.

Мыхьэнэ зиlэ нэгъуэщI зыи. «Егъэджакlуэ нэхъыбl», «Школ нэхъыбl» гурыуэныгъэхэр экономикэм пэлэщlэщ. Арами, улахуэр зэрат щыкlэр щэрыщlэу дубзыхунущ. Абы зэхъуэныныгъэ хилъхьэныщ, кадрхэм я аттестацэхэр зэрыгагъэхьэжкlми.

Егъэджэныгъэм и Iэнатlэхэм я лэжьыгъэм зэхьэуфкlэ щыхуовэ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проект пэрытым ипкъ иткlэ кьызэрагъэпэщ Iуэхугъуэхэр. Ди кьалэнэ нэхъыщхьэр егъэджэныгъэм хуэу пlыпlы мыпкъыр фейдэ пlыпlу зэкlэпльыдкlуэныщ. Мыхьэнэшхуэ иIэщ зэхьэзэхуэ псори зещlыкъуэу, нахуэу егъэкlуэкlыным, щхьэзыфlафlагъэр зэпхыдзыныныгъэр кьыхэмыныкъым.

Нобэрей ди зэманым профессионал егъэджэныгъэм и Iэнатlэм игъэзащlэ кьалэным хохьуэ. Республикэм профессионал щlэныгъэ щрагъэгъуэт и Iуэхугъэ Iэпхъэ зыщlщ ведомствэ зэхуэмыдэхэр кьыпхырагъэщ. Правительствэм игъэхъэзырыпн хуейщ профессионал щlэныгъэм зэрызиужьынум и стратегиемрэ ар зэрагъэзэщlыну щыкlэмрэ. Экономикэм и Iэнатlэхэр зыужьыкъуэ Iэщlагъэлlэхэр щlэхъэзыкlэр пlщlэдзэ профессионал Iуэхугъэ щыкlэмрэ щlэныгъэм зэхъуэхъныгъэ нэрылъагъуэхэр хэлъхьапхъэщ.

Аэхрэ, нэгъуэщI кьалэнхэри егупсысауэ, зэуIуу игъэзэщlэну кьыпэщытщ Щхьэгъэпсо Сэфарбий зи унафэщI Егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ министерствэм.

Социально-экономикэ гъащlэм щекlуэкlI Iуэхугъуэхэм щlэныгъэмрэ инноваци лэжьыгъэмрэ я Iэнатlэхэм щагъэзащlэ мыхьэнэм зэхъуэн зэрыхуейм шэч хэлъкъым. Едзапlэ нэхъыщхьэхэм кьадзкlуэу, республикэм щолажьэ Урысейм Щlэныгъэмкlэ и академием, Урысейм мэкъумэщ щlэныгъэхэмкlэ и академием и кьудамэхэр, ауэ абыхэм сэбэныгагъыу кьахьыр зэкlэ мащlэщ. Щlэныгъэ-технике къэлыхъэуныгъэхэм я Къэрал заказхэр зэрызэхагъэувэм щыщlэныгъэхэр хэлъщ. Щlэныгъэ инноваци лэжьыгъэм и инфраструктурэм зэрызиужьыр хуэмущ. Республикэм и щlэныгъэ Iуэхугъэхэр ведомствэ зэмылъужьыгъуэхэм щыщхэм зэпыщlэныгъэ тэмэм зэхуэдэкъым.

Екlуэкlи Iуэхугъуэхэр зэпкърыхьным, щlыналъэ инноваци зыужьныныгъэхэм я унэтныныгъэ нэхъыщхьэхэр гъбелджыныным, щlэныгъэрылажьэ технологиехэр къэгупсысыным, къэгъэсэбэныным хуэунэтIуэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ щlэныгъэ Iуэхугъапlэхэмрэ зрагъэдзэ щхьакlэ Iуэхугъэ щlыныгъэхэм я щlыныгъэ-техникэ, инноваци лэжьыгъэхэм я иджырей инфраструктурэр кьызэгъэпэщыным ехьэлIа лэжьыгъэр щlэпхъуэбжьэну.

Щlэнхабзэм зегъэужьыным, щlыхуэбзм и псэкупсэ кьарум хэгъэхуэным хуэгъэзауэ республикэм щlэзэфlагъэкlыр мащlэкъым. Абы кьыдэкlуэу, фадэ ефэным, афиян зэхьэлIэным, гъащlэм кьемыцэтэ мыхьэмщlапхъэхэм, нэгъуэщI хэмэ зэрызагъэбгъуфlыр щыхьэт тохьуэ зэщхьэуи, я Iэнатlэм щытыкlэр зэпльъэгъуэ. Нобэкlэ объект кьудым я щытыкlэр, занщlэу жьIтlэщи, хэпльъэгъуэ.

Хьэрычэтыщlэхэр жьыджэру Iуэхум кьыхэдмышзу къунчьым. Мурад пыухыкlам тещыхьа программэ зэмылIуэныкъуэхэм дзыорыхэтыр, апхуэдзу щlыхуэр диспансеризацэ зэращlыныри хьхьэу, «Уэзыншагъэ» лъэпкъ проектыр зэрагъэзащlэр лъэныкъуэ псомкlи къэгъэсэбэныным хуейщ. Лъэпкъ проектым емыпытагъуэ а лэжьыгъэм нэхъри зегъэужьгъэнэ щхьэхъуэ.

Нэ- хъыщхьэр кlэлъыплъныныгъэхэм къарикlуам ипкъ иткlэ, республикэм и щlыхуэхэм я узэшыпlагъэр егъэфlэкlуэным теуху Iуэхугъуэхэр зэрыгъэлъхьажьыр. Узыфэхэр пасэу къэхутэныр, гъэхъуэныным нэхъри егугъун, абы хуэгъэза лэжьыгъэхэр гъэпlэщын хуейщ.

Аращи, узэшыгъэр хъумэн и лъэныкъуэкlэ къызэгъэпэщыныгъэ, материальнэ, кадр Iуэхугъуэхэр, нэгъуэщI кьалэнхэр хуэхъуэ, зэфlэдгъэкlыну кьытпэщытщ. Дыщогугъ Узэшыгъагъэр хъумэныныкlэ министерствэми, абы и унафэщI Бицу В.Г. ерыщагърэ жьыджэрагърэ яхэлъу ахэр зэфlахыну.

Жьыдарэм зэрыжьыныгъэ щхьакlэ епытащ щlыхуэм и зэфlэкlым. Абы кьыхэкlыу, зэманым кьызэригъэувым хуэдэу, щlэныгъэм и Iуэхугъ унэтIныным гулъытэ хэха хуэдощ.

Бюджетым щыщ щlэныгъэм и Iэнатlэм хуэхэтыжьыр республикэ бюджетым кьыхокl, арами, абы тедгъэкlуадзэм фlагъыу кьыпэкlуэм арэзы дыкъыщlыркъым. Правительствэм иригъэкlуэкlа кьэпщlэныгъэм кьызэригъэзэщlыну, егъэджэныгъэмрэ Iэзэжьыгъэмрэ зэрагъэгъэпэщынчьмрэ щlыныгъэ ящыщу официальнэу зезыгъэтхэм я бжыгъэр иужьрей иныбэхэм кьриубыдэу иджы япэу республикэм процентищ 7,5-кlэ зэрыщехар. (2006 гъэм щlышылэм и 1-м - проценти 9,8-рэ).

Ар щlэздзапIэ кьудейуэ зращ. Экономикэм и щытыкlэр зезыгъэтеувэжым лэжьапIэнэхэм я бжыгъэм химыгъакъуэу зэман гъунэ хуэхэм зэтрилъэными, щlыхуэр Iэнатlэкlэ кьызэгъэщынчьын фейдэ пlыльу хуэлэжьэну политикэ гбзыхуаи диIэн хуейщ.

Мы гъэм щегъэжьауэ республикэм кьратыжащ щlыхуэм Iэнатlэ кьахуэгъуэтынным техуэ кьэкlэ политикэр пхырыкlыным пыщlа кьалэн псори. Абы кьыхэкlыу, республикэм и власть органхэм яхэ жэуапIныгъэм хэхъуащ. А Iуэхур иунэтIныр и щlэрыщlэу Щlыхуэм Iэнатlэ кьахуэгъуэтынныжькlэ кьэрал комитету иджыблагъэ кьызэгъэпэщнчьм, щlэныгъэм и Iуэхугъапlэ зэмылIэужьыныгъуэхэм щlэныгъэмрэ Iэзэжьыгъэмрэ зэрагъэгъэпэщынчьмрэ щlыныгъэ нэхъыщхьэхэм я унэтныныгъэ щыщ.

Мыхьэнэ зиlэ нэгъуэщI зыи. «Егъэджакlуэ нэхъыбl», «Школ нэхъыбl» гурыуэныгъэхэр экономикэм пэлэщlэщ. Арами, улахуэр зэрат щыкlэр щэрыщlэу дубзыхуну. Абы зэхъуэныныгъэ хилъхьэныщ, кадрхэм я аттестацэхэр зэрыгагъэжкlми.

Республикэм и демографие щытыкlэр зыхуэдэм нобэ димыгъэпlейтеинкlэ Iэмал иIэкъым. Ар бдэу пыщlащ щlыхуэм я узэшыгъэм екъэлIа Iуэхуэхэм. Иужьрей илъэсипщlым, ику иту кьапщтэмэ, дунейм ехьжьэр зыи тетщ - щlыхуэ 1000-м нэс 9,5-10 хуоз. Сабий куэд зэрылIэжьм хуабжьу дегъэгъазэ. 2006 гъэм сабий кьалъхуагъащlэу 1000-м 16,1-рэ хуэзащ. Ар Урысей Федерацэми Ипщэ Федералъ округми ику иту щlэ бжыгъэхэм нэхъри нэхъыбщ.

Демографие щытыкlэр егъэфlэкlуэныжькlэ 2015 гъэм нэсыху тещlыхьа республикэ программэр и кlэм нэдгъэсу, мы зэман гъунэгъуэм щыщlэ Урысейм и Президент Путин В.В. диIыгъащ 2008 гъэр Унагъуэм и илъэсу Урысейм щыгъэзыеныным техуэ жэрдэмыр. Унагъуэм и пщlэр кьэлэтыным, ар дзыгъныным, унагъуэм и лъапIэныгъэхэм я лъабжьэр гъбыдэныным техуэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэхэр щыщlэрыщlэу къэралым, жылагъуэм, бизнесым я кьарур зэщlагъэуIуэн папщlэ ар нэсу кьыдгъэсэбэнын хуейщ.

Мы илъэсым кьыптэщытщ узынщагъэр хъумэным и Iэнатlэхэм реформэм щыпытщэну, амбулаторэ-поликлиникэ, стационар дэIэпыкъуныгъэхэм зедгъэужьыну икlи едгъэфlэкlуэну, диагностикэ кlэлъплъныныгъэр нэхъыбlу кьызэдгъэпэщыну. Пlалъэ кlэщlым кьрибыдэщ зэфlэдзэныкlэ хуейщ фIагъ зиIэ медицинэ дзэпыкъуныгъэхэр щlыхуэм хуэгъэзыпlыну Iуэхугъуэхэр зэтеублэныр.

Узэшыгъэр хъумэным и Iэнатlэхэр щlэм тету унэтIныным хохьэ медицинэ службэм кьызэгъэщыбыдэ псори егъэфlэкlуэныжькlэ. И пlалъэ хъущ фlагъыр зыхуэдэр кьызэрапщlэ зыужьыщ щlэуэ ведомствэ системэр кьагъэсэбэпыну, узэшыгъэм щыкlэлъплъ республикэ, муниципалнэ Iуэхугъапlэхэм я щытыкlэм рейтинг оценкэ зэрырат Iэмалым хуэкlуэну.

Узэшыгъэр хъумэным и Iуэхур зыIутыр нэхъыщхьэу кьызэрагъэтэр цlыкуукlэ зэрызэхуирикъуащ. Узэшыгъэр хъумэныр кьызэзэгъэпэщхэр Iэщlагъэлlэ щхьэхуэхэри, республикэр нэхъ зыхуэзыкуэхэр кьэпльтауэ, Iэмал имыIэу, зэпымыууэ гъэхъэзырыпи, абыхэм я Iэзагъэм хэгъэхъуэн хуейщ. Кьапщтэмэ, Iэнатlэм педиатрэхэр къомэщIэкlI. Иджырей диагностикэ Iэмэпсымэхэм ирилажьэфынуэр Iэхъэзэырыпи кьалэнныжьагъэ кьоув. «Узэшыгъэ» лъэпкъ проектыр кьызэрыпахъхьэрэ Iуэхущlапlэ зыбжанэм иджы япэу ящрыхьащ ультразвук, эндоскопие, лабораторэ Iэмэпсымэхэр. Абыхэм кууэ икlи хэхэуэ хурамыгъадкэу хъунукъым.

Правительствэм иубзыхуу кьызэригъэпщlыкlуэ щlыхуэм зэшыпlагъэр хъумэныжькlэ Iуэхугъапlэхэм я материально-техникэ лъабжьэр зэрыщlагъэ зыгъэфlэжьыжьыну Iуэхугъуэ зэуIур. Нобэкlэ объект куэдым я щытыкlэр, занщlэу жьIтlэщи, хэпльъэгъуэ.

Хьэрычэтыщlэхэр жьыджэру Iуэхум кьыхэдмышзу къунчьым. Мурад пыухыкlам тещыхьа программэ зэмылIуэныкъуэхэм дзыорыхэтыр, апхуэдзу щlыхуэр диспансеризацэ зэращlыныри хьхьэу, «Узэшыгъэ» лъэпкъ проектыр зэрагъэзащlэр лъэныкъуэ псомкlи къэгъэсэбэныным хуейщ. Лъэпкъ проектым емыпытагъуэ а лэжьыгъэм нэхъри зегъэужьгъэнэ щхьэхъуэ.

Мыхьэнэшхуэ зиIэ а Iуэхугъуэхэр, щlалэгъуалэм дэлэжьэныным ехьэлIа нэгъуэщI куэди егупсысауэ, пльэныкъуэ псори кьызэщlибыдэу зэфlихыну догугъэ иджы кьызэдгъэпэщыжьащlэ, Пащты Борис зи унафэщlу хэтха Щlалэгъуалэмрэ жылагъуэ зэгугъэныгъэхэмрэ я Iэхъуэмкlэ къэрал комитетым.

Иужьрей зэманым ди обществэм нэхъ кьыгурыIуащ псори спортым щlэхъэхъеныным, физическэ щlэнхабзэмрэ спортымрэ пыщlа Iуэхугъэхэр кьызэгъэпэщыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр. «Зыуэ щыт Урысей» партым и нэIэ тету, дэри ди мыпкъу хэтлъхьэу, республикэм щыуэхэр щlэздзащ дунейпсо мардзэмрэ щlапхъэхэмрэ кьитIасэ спорт унэгъэр. Апхуэдэ япэ унэр мы гъэм Налшык къэзыщlыхьнущ. Кьэбардей-Балъкъэрым и Правительствэри, Физическэ щlэнхабзэмрэ спортымкlэ къэрал комитетри дзэпкlи жьдэкъуэ елъэжьыгъэ щlыхуэ зиIэхэм зэрадзIэпыкъуэм хэтъэхуэн. Икlи Урысей Федерацэм и Президентым и Зэрызыхуигъаззм кьызэрыщlыгъэгъэуаци, Iуэрыlуатэ творчествэр дзыгъэныри хьхьэу, ди щlыхуэм я пlэнкъ щlэнхабзэм зегъэужьыныным нобэ мыхьэнэшхуэ иIэщ.

Щlэнхабзэм и Iуэхугъэхэм я Iуэхутхъбзэхэр зэмылIэужьыгъуэу, узыхэнэсу щытын, щlыхуэхэм хуэдэу жьеныгъэ щlэныгъэ я щlэныгъэ щытыкlэр кьууэ зэпкърихын, ныкъуэсанытъхэхэр кьызэнэкlыным теуху административнэ, идеологие, щlэнхабзэ-зэщlыныгъэ Iуэхугъуэхэр, зегъэужьри щlыныгъэбзэд гупсысэхэр Правительствэм и пащхьэ ирилъхьэн хуейщ.

Щlэнхабзэмрэ гъэзджэмрэ я зыужьныныгъэхэм я унэтIныныгъэ нэхъыщхьэу мы гъэм увын хуейщ: профессионал гъэзджэр сытыт дзэлъэн, театрэкlэ щlэныгъэ организацэхэмрэ я художественнэ хабзэ пlэлпlэхэр хъумэн, творчествэм, зэфlэкlэ зыбгъэдэлъ ныбжьыщlэхэр кьэхутэным, тегъэгушхэным, абыхэм зегъэузэщlыным щытыкlэфl кьажьэзэ зэпэщlын, творческэ лэжьыгъэм пэрытхэм жылагъуэм щагъэзащlэ мыхьэнэмрэ я социальнэ статусымрэ кьэлэтын, Кьэбардей-Балъкъэрым щыщу щlэнхабзэм, гъэзэджэм, литературэм я лъэныкъуэкlэ нэхъ зэфlэкlI зиIэхэм зэрадзIэпыкъуэм хэтъэхуэн. Икlи Урысей Федерацэм и Президентым и Зэрызыхуигъаззм кьызэрыщlыгъэгъуаци, Iуэрыlуатэ творчествэр дзыгъэныри хьхьэу, ди щlыхуэм я пlэнкъ щlэнхабзэм зегъэужьыныным нобэ мыхьэнэшхуэ иIэщ.

Дауи, гурыIуэгъуэ а кьалэныр щlэзэщlа хуэн папщlэ щlэнхабзэм и Iэнатlэхэм я материально-техникэ лъабжьэм и щытыкlэм куэд зэрелъытар. Ди мурадщ илъэс Iуэнатlуэхэм щlэнхабзэм и Iуэхугъапlэхэм зэрыфащlэ дзэпэныкъуныгъэ пlэ лъыдгъэсыну. Дэ диIэн хуейкъым клуб щымылажьэ хьылагъуэ.

Ди республикэм и кьэкlуэныр нэхъыбэу зэлъытар щlыхуэм и щlэнхабзэмрэ я псэм и кьулеягьымрэ зыхуэдэрэ. Апхуэдэу щыщыткlи, Тут Заур зи унафэщI Щlэнхабзэмрэ хьыбарегъащlэ Iэнатlэхэмкlэ министерствэм дыщогугъ Iуэхур зэгъэщlыпlа власть органхэмрэ гражданхэм жылагъуэ институтхэмрэ бдзэу япыщlащ кьалэн инхэр пlэщlэзэнкlэ кьызэрагъэпэщыну.

Нобэ Iэмал имыIэу убзыхуэ хуейщ Кьэбардей-Балъкъэрым и кьэрал пlэнкъ политикэм зезыгъэужьыну Iуэхугъуэхэр. Аэхр хуэзнэтIауэ щытыпlэхэщ лъэпкъ зэгурыIуэныгъэр гъэздзэныным, республикэм и пlэпlэхэр хъумэным, идкьрей политикэ щытыкlэм тещlыхьауэ кьэрал властым и органэхэм я лэжьыгъэр кьызэрэзэпэщынным. Ди кьалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящlыщ зыщlпlэнкъ куэд щlыхьэдэпlэ гъащlэм и Iэнатlэ щlыхуэм и лъэныкъуэ щlыхьэ зэхъуэныгъэ щlыхьэ зэхъуэныгъэ щlыхьэ зэхъуэныгъ

● ДифІ догьэлъапІэ

Гъащ1эм и Іэфы1пІэ

Ныбжьыр зы пычыгъуэ пыуыкІа гуэрым нэса нэ-ужь, псэкІэ къыдопщытэж къэтпсэуа дэтхэнэ илъэс-ри. Языныкъуэхэм апхуэдэ гупсысэхэм дэрэжгъуэ мащІэщ къаритыр, ауэ гъащІэ купщафІэ, Іуэхушхуэ-хэмрэ къалэнышхуэхэмкІэ гъэнщІа къэзыпсэуэхэм я дежкІэ ар псэмрэ гумрэ гукъыдэж къахуэзыхьщ. Апхуэдэщ ди тхыгъэр зытеуха щыхъ гущІафІэ, унафэщ щыпкъэ, пэжыгъэм и къызэгъэпэщакІуэ Іэкіуэдыкъуэ, щІэныгъэлІ Къаныр Замир и дежкІэ къигъэщІа илъэхэр. Ар здыдэса илъэс 50-р щыхъ гъацІэм и Іэфы1пІэщ, куупІэщ, мурадыфІхэм адэкІи къыпощы-гъащІщ, лъэр нэхъри щІэзы-гъкІщ.

РЕСПУБЛИКЭМ щыпсэуэхэм иджыри ящІэж 2003 гъэм и гъэмахуэм къэхъуауэ щыта уэпбжьашхуэхэр. Абы щыгъуэм кьепщэ жьышхуэм, кьеха псыдзэм эрэныгъэшхуэ зритахэм ящыщащ Дзэлыкъуэ куейм къыхэкІыгъуэхэр. МазуитІ-щым къыбгуфІыгъ щыхуищэжэ псэуалъэнщэ хъуат. Апхуэдэуэ хэщІыныгъэшхуэ игъуэтат куейм и мэкъумэщ Іэнатіэхэм, зэхэкъуэта хъуат гъуэгуэр, лъэмыжхэр, связьр кьІэзэщІэпэщ кІапсэхэр зэпыудат. Дауи, республикэм кьарууэ ибэ псори занщІэу хуауэнэтІащ къэхъукъащІэм и лъэжьхэр гъэкІуэдыным, ауэ Іэхур тэмэму зэфІэха хъуныр нэхъыбэу зэлъытар куейм и унафащІхэм я жьыдэгъагьт, гулъытэрт. Сыт хуэдэ пэжыгъэр псынщІэу ищІи нэхъыбэ ныгъэншэу зэфІэзыхь Къалэ Замир а лъэхъэнэм Дзэлыкъуэ куейм и администрацэм и Іэтащхьэт. А зэман хьэлъэм абы и пэжэзэгъэ махуэм щІэдзапІи кІэуэри иІэтэжьм, зэрыжаІэу, жэщи махуи и Іэнатіэм пэрытт. ЗэфІэкІрэ къарууэ бгъэдэлъэ псор абы ирихьэлІэрт нэхъ псынщІэу щытыкІэр ягъэфІэкІуэным, щхьэтепІэнишэ хъуа цІыхуищэхэм Іуэхуки псалъэкІи защІигъакъуэу.

Къалэм, абы и дэлэпыкъуэгуэхэм я фІыгъэкІэ зэман кІэщІым къыриубыдэу къэхъукъащІэ кьыззэрымыкІуэм и лъэужьхэр кьыззэнэкІа хъуащ. УнафащІ щыпкъэм къыкъуэкІа зэфІэкІымрэ зэпІэзэрытынымрэ абы жылагъуэм щиІэ пщІэр нэхъри ин, лъагэ ящІащ.

ЦІыхухэм нэрылъагъу ящыхъуащ Къалэм хуэдэ унафащІ гумащІэуэ уяпэ итмэ, сыт хуэдэ лъэпощхьэпомэ узэрыпэлъащІыну.

Дзэлыкъуэ куейм и Іэтащхьэ ягъэуяным и пэкІи Къалэм и щІэр фІыкІэ щыІуакІэт республикэ псом. Сэрмакъ къуажэм щыпсэу адыгэ унагъуэ екІым, лъэпкъ хабзэмрэ нэмысымрэ щытепщэм, кьыщалъхуэ Замир адыгагъэмрэ щыхуэзэ нэсымрэ гъащІэм щапхъэ зэрыщыхуэхъунум шэч хэлътэкъым. Замир и адэ Іэуес гащІэ кІыхь кьимыгъащІами, зи Іуэмыцу дахэ адыгэпІт. Абы и уцшер, чэнджащ щхьэпэхэр и къуэхэм ноби я гъуэгуэгъэлъагъуэщ. ЩІалэхэм я анэ Къурал и гъащІэ псор триухуащ щІэбгъэ ягъэдэжьым, пэжэныым. ГъащІэм и гъагъуэ пэжым ныкьыщІэ куэд тригъэуваащ егъэджакІуэ гумызагъэм. Ноби ар хэзнабдзэгубдзапІ-гъэ зэхэсхэм: и щІалитІым хуэдэ дыдэу, абыхэм ящыщ дэтхэнэми и ІуэхущІафэм гъэхэм иригушхуэу, е ехъулІэныгъэхэм иригушхуэу.

Апхуэдэ нэхъыжьыфІхэр щапхъэ хуэхъуащ Замир. Абы и хьэл-щэмы щызэхэхуэнащ жьыдэгъагьт, щІэныгъэм хуэпабгъэу щытынымр, ныбжьыгьуГэ пэжыр, псэемыблэжаг-ьыр, псом я щхьэрапэ, щыхуІэ гьэ нэсыр. Апхуэдэ псэ зэІуха зиІэ щІыхуэ зэм и закъуэ хъуркъым. Ар ихъуреягъкІэ щекІуэкІ сыт хуэдэ гъэкьыгъэми и куейкупсэм хэтщ, ІуэхуфІкэм я жэрдэмщІакІуэу, зэхэубгакІуэу. Апхуэдэущ Замир зэрыхихьэкІар курыт еджапІэм щыщІэса гъэхэри КъБКъУ-мрэ Социальнополитикэ ІуэхуэхэмкІэ Кавказ Ищхъэрэ институтымрэ щыщІедзэ ипсэсхэри. Университетым и комсомол зэгухьанымрэ и секретарь, дзэм кьулыкъу щыщІэн, КъБКъУ-м и партКомым, иужькІэ партым и Налшык кьалэ комитетым я Іэщ1агъэтІ - жэуаплныгъэ зыпылът а Іэнатіэхэм ящыщ дэтхэнэри. ИкІи Къалэ Замир аэхэр ирихьэкІащ ныкъуанысгъэнэщу, зыпкрыт Іуэхуэ сыт и гъныныкъуэкІи иригъэфІакІуэу. Абы кьыдэжІуэу щІэныгъэм хуэнэхъуеиншэ Къалэр дихьэхырт кьэхутэныгъэ лъжьыгъэхэм.

Іэщ1агъэтІ щІалэм и зэфІэкІэм гу гъЛамытэу кьэнакъым. 1991 гъэм Къалэм кьэрап кьулыкъу ин кьыхуагъэфащащ: ар КъБР-м и вице-президентым и дэІэпыкъуэгуэу ягъэуващ. Мыбдежьым нэхъри нэхъ нэрылъагъу щыхъащ щІэныгъэлІ жаным бгъэдэпІ акъылымрэ жьыдэгъагьмрэ. Замир яхэтащ республикэм и КъащІэр егъэфІэкІуэным, ар зэхъуэжІыныгъэхэм я гъуэгу захуэм тешэным елэжьа Іэщ1агъэлІ лажьэм. А лъэхъэнэм жылагъуэм мыхьэнэшхуэ щІыгъэтат пІэнпкъэм яку дэпІэ зэхущытыкІэхэм елха Іуэхуэм. Жэуаплныгъэ зыпылъ а Іэнатіар - УФ-м Федерацэ Іуэхуэхэмкіэ, лъэпкъ, Іэпхъуэшапхъуэ политикэмкІэ и министерствэм и щІыналъэ къудамэу КъБР-м щыІэм и унафащІ - Къурал и Замирт.

Апхуэдэ лъжьыгъэшхуэ и щІыбагъ дэпІт, Къалэр 2001 гъэм Дзэлыкъуэ куейм и администрацэм и Іэнатіэкъуэ щагъэувам. Зи Іуэхуэхэр дахуэхуэу щыта щІыналъэм зэман кІэщІым кьыриубыдэу ехьІулІныгъэфІэкІэ зыІэригъэхьэжащ.

Зыужьныныгъэ игъуэтыжащ мэкъумэщ Іэнатіэм, ерыскьыпІхьэхэм елэжь ІуэхущІапІэхэр ещхьІуэІуахащ, хьэрычатыпІэ щІыпІэхэр курытыщ. ГъпІэ быдзкІэ уву хуежьащ. Апхуэдэу Замир и нэІэ тригъэтащ цІыхухэр нэхъыбэу зыгъэпІейтей социальнэ Іуэхуэхэм. УнафащІ гумызагъэм зэрихабзэу, Къалэр хуэнабдзэгубдзапІэт и унафэхэр гъэзащІа зэрыхъум ийи сыт хуэдэ Іуэху кьрихьэжьэ-ми, ар и кІэм ингъэсыпт.

Щ1ачэ и щІыпІэм и псоцкІэр зэтегъуэвжьыным хуэзэфІэкІ хилъхьэу лажьэу, КъБР-м и Президентым и Чэнджащэгъу кьулыкъур дзыхь кьыхуащІащ. Ижьжьэ Къалэр яГъэуващ КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкІэ и министр, республикэм и Правительствэми хагъэхьащ. Ди щІыналъэм и щІыкІэм ящыщ бгъэгъащ, абы республикэм и бюджет-ым мылькушхуэ кьыззэрыхуэхьыфынур фІыуэ кьызыІуГрыІуэ министрым и фІыгъэкІэ зыгъэпсэкІэ щІыпІэхэм, сенаторэхэм я нэхъыбэм лэжьэн щІадзэжащ. Лэжьыгъэр зэтеублэжьын къудейр мащІэт Къалэм и дежкІэ - Налшык и курортхэм я щІэр, ятмэ куэдэу, къэралым фІыкІэ щоІуж, абыхэм я зэфІэкІэхэр дунейпсо утыкуэм щагъэпъагъуэ, республикэм пщІэрэ хэхъуэрэ кьыхуохьу? Апхуэдэу Къалэм и кьару куэд ирихьэлІащ Іуащхьэмахэу пІалъэ щыІэ зыгъэпсэхупІэ щІыпІэхэр «къэгъэпсэуэжьынымэ», абыхэм я зыжьынымкІэ зэхэпхьыгъэ федеральнэ унафэ зыбжанэ къеГъэщтэным.

Республикэм и гъащІэр езым ейм хэуэхунагъэ езыхьэкІ Іащ1ыбзэлІэм ящыщщ Къалэр. 2005 гъэм Замир КъБР-м и Правительствэм и Аппаратым и Унафащ1 къалэныр и пщэ къРалъхьауэ щытащ. Мыбдеми, фІыуэ илъагъу и щІыналъэм нэхъри зиужьын папщІэ, Къалэм пхэкІ къигъэнакъым. Абы иригъэфІэкІуащ зи пашэ кьэрал Іэнатіэм и лэжьыгъэр.

Сыт хуэдэ кьулыкъу е лэжьыгъэ пэрытми, Замир жэуаплныгъэшхуэ зыхихІыж ирехьэкІ. Ауэ зэи абы Іащ1ыб ищІыр-кьым щІэныгъэ-къэухтэныгъэ лэжьыгъэхэр. Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор Къалэ Замир щІэныгъэ лэжьыгъэ 80-м щІигъу и къалэмыпІэм кьыпыкІащ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми мыхьэнэшхуэ иІэщ ди республикэм и экономикэм и зыужьныгъэм дежкІэ. Замир и къэухтэныгъэхэм пльытэныгъэ ин щІэщ хамэ къэралхэмэ. Ар Естественознаниемкіэ, Экономикэмкіэ Урысей академиемкэм, Экономикэмрэ Бизнэсымрэ Дунейпсо академиемкэ хэтщ.

Къалэ Замир и псэемыблэж лэжьыгъэм, щІэныгъэ къэухтэныгъэхэм хуэфащэн тІэкІу ягъэт. Абы мащІэ-мащІэу къаІэрт дамыгъэхэр, щІыхь, фІыщІэ тхыльхэр кьыхуагъэфащащ.

Апхуэдэ ехьІулІныгъэхэр и щІыбагъ дэпІэу Къалэ Замир ирохьэлІэ и махуэшхуэм Илъэс 50-р гъащІэм и дахэгъуэщ, блэкІар кьыщащІытэж, мурадыщІэхэр щаухуэ зэманщ. Замир и мазэ щыхуэхуэр хуэдэ лъэпІэнущ и унагъуэшхуэм. ТысыпІэм я нэхъ лъапІэр дыысынущ Замир и анэ гу щабэм. Кьыхуэхуэнущ кьыдальэ-ныгъэ, чэнджащэгъу Іуф кьыхуэхъуэуа и унэгуащэм, и бынитхум, и кьуэрпыльху-пхъуэрпыльхуэ щІыкІуэм.

Къалэ Замир дохъуэхъу узынщагъэ бадзэ ибуу и уяГъуэ дзэм куэдрэ хуэпсэуну, республикэм и зыужьныныгъэм и гуащІэ куэд идкІыри ирихьэлІэну.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

ЩІалэгъуалэм я жэрдэмхэр къалытэу

●ЩІэныгъэ

КъБКъУ-м и егъэджакІуэ-щІэныгъэ комплексу Іуащхьэмахуэ гъаІэ щыІэм щекІуэкІащ щІэныгъэлІхэм, аспирантхэм, студентхэм папщІэ кьыззэрагъэпэща «Перспектива-2007» Х дунейпсо конгрессыр.

А ЮБИЛЕЙ зэхуэсыгъуэр трауХуат Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу гъэпкъыгъэ и щэнхабзэхэм, зэпыщІэныгъэхэм пылъ гугъуехьхэр зэфІэхыныкІэ Ипщэ Федеральнэ округым щыІэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм щызэхэт студент, щІалэгъуалэ зэгугъэныгъэхэм я пщэ кьыдэхуэу къалэнхэр убзыхуным.

Москва, Санкт-Петербург, Самарэ, Новгород Ижьхъэрэ, Къазан кьалэхэм, Украинэм, Белоруссиэм, Абхъазым, апхуэдэуи Ипщэ Федеральнэ округым и субъектхэм щыщ ныбжьыщІэхэр щызэрихьэлІащ зэхуэсыщхуэм.

Дунейпсо конгрессыр кьыщызэІуихым, абы и къызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІ, КъБКъУ-м и ректор **Къарэмырзэ Барэсбий** кьеджащ КъБКъэрдей-Балъкъэрым и Президент Къанокъуэ Арсен и фІэхъус псалъэм.

- Кьыщэкіуэтей щІэблэм щІэныгъэ етыныгъ, къызыхэкІа пІэнпкъым зыужьащІыным хуэзфІэкІ ирихьэлІэу псэуным хуэгъэсэныгъ ди пащхьэ кьит кьалэнхэм я нэхъыщхьэр, - жиІащ Къарэмырзэм. - Абы ипкъ иткІэ, щІэныгъэ щыгъаГъэгъуэт ди еджапІэ нэхъыщхьэхэр егъэджэныгъым и закъуэкъым зыхуэлажьэр, атІэ ар лъэпкъ зэныбжьэгъуГэм, щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэм я жьэгуш.

Апхуэдэу щІалэгъуалэм ядэлажьэхэм, абыхэм я зэкуэу зэныбжьэгъуГэ дзэлыным гулъытэ хуэзыщІхэм фІыщІэ хуащІу, кьызэхуэса нэхъыбэщІэхэм фІым кьыхуарадкъу кьэпсэпъащ щІы-палъэ зэхуэмыдэхэм кьыкІа лІыкІуэхэр.

ЩІалэгъуалэм щхьэхуэ-щхьэхуэрэ дэжьэн щІамыдзэ щІыкІэ, Кьэбардейр **Къарэмырзэ Барэсбий** кьеджащ Кьэбардей-Балъкъэрым и Президент Къанокъуэ Арсен и фІэхъус псалъэм.

- Кьыщэкіуэтей щІэблэм щІэныгъэ етыныгъ, къызыхэкІа пІэнпкъым зыужьащІыным хуэзфІэкІ ирихьэлІэу псэуным хуэгъэсэныгъ ди пащхьэ кьит кьалэнхэм я нэхъыщхьэр, - жиІащ Къарэмырзэм. - Абы ипкъ иткІэ, щІэныгъэ щыгъаГъэгъуэт ди еджапІэ нэхъыщхьэхэр егъэджэныгъым и закъуэкъым зыхуэлажьэр, атІэ ар лъэпкъ зэныбжьэгъуГэм, щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэм я жьэгуш.

Апхуэдэу щІалэгъуалэм ядэлажьэхэм, абыхэм я зэкуэу зэныбжьэгъуГэ дзэлыным гулъытэ хуэзыщІхэм фІыщІэ хуащІу, кьызэхуэса нэхъыбэщІэхэм фІым кьыхуарадкъу кьэпсэпъащ щІы-палъэ зэхуэмыдэхэм кьыкІа лІыкІуэхэр.

ЩІалэгъуалэм щхьэхуэ-щхьэхуэрэ дэжьэн щІамыдзэ щІыкІэ, Кьэбардейр **Къарэмырзэ Барэсбий** кьеджащ Кьэбардей-Балъкъэрым и Президент Къанокъуэ Арсен и фІэхъус псалъэм.

- Кьыщэкіуэтей щІэблэм щІэныгъэ етыныгъ, къызыхэкІа пІэнпкъым зыужьащІыным хуэзфІэкІ ирихьэлІэу псэуным хуэгъэсэныгъ ди пащхьэ кьит кьалэнхэм я нэхъыщхьэр, - жиІащ Къарэмырзэм. - Абы ипкъ иткІэ, щІэныгъэ щыгъаГъэгъуэт ди еджапІэ нэхъыщхьэхэм